



Afterschool Lottery Newsletter

Bilten enfòmasyon sa a eksplike kijan pou aplike nan DHSP Afterschool Programs Lottery ak kijan pou jwenn èd si w bezwen èd. Pou plis enfòmasyon:

www.cambridgema.gov/AfterschoolLottery

Afterschool Lottery Enskripsyon — Dat enpòtan

Lendi 1ye Me 2023

2023–2024 DHSP
Afterschool Programs
Lottery aplikasyon yo louvri

Fanmi yo apply online atravè sitwèb Viewpoint Vil la.
Fanmi ki bezwen èd pou aplikasyon yo a ka voye yon imèl bay
askdhsp@cambridgema.gov oswa rele **617-349-6200**.

Jedi 4 Me, 6–7 p.m.

Reyinyon Vityèl: *Ki jan pou
aplike nan DHSP Afterschool
Programs Lottery*

Patisipe pou ou aprann sou pwosesis aplikasyon an epi poze kesyon.
Patisipe nan reyinyon an atravè Zoom:
<https://us02web.zoom.us/j/5874243463>

Èd an pèsòn pou Aplikasyon Lottery ou an

Vizite lokal sa yo pou w jwenn èd an pèsòn pou ranpli aplikasyon
Afterschool Programs Lottery ou an epi pou w poze kesyon.

Lendi 1ye, 8, 15, 22 Me, 5 – 7:30 p.m. • DHSP, 51 Inman St., 3yèm Etaj
Jedi 11 Me, 6 – 7:30 p.m. • Frisoli Youth Center, 61 Willow St.
Jedi 18 Me, 6 – 7:30 p.m. • Gately Youth Center, 70 Rindge Ave.

Vandredi 26 Me

2023–2024 DHSP
Afterschool Programs
Lottery aplikasyon yo kanpe

Pou patisipe nan Lottery a, fanmi yo dwe soumèt aplikasyon pou pitit
yo a oswa pitit yo anvan **11:59 p.m. nan dat 26 Me**.

Lendi 19 Jen

Apati semèn sa a, Fanmi yo pral konnen si pitit yo a te antre nan yon
pwogram afterschoo DHSP oswa si li pa t antre nan yon pwogram. Si pitit
ou a pa t antre nan yon pwogram, y ap mete l nan “waiting pool” la. Yo pral
voye notifikasyon yo sou imel atravè Viewpoint. Fanmi yo ka konekte nan
kont Viewpoint yo a nenpòt lè pou verifye estati aplikasyon pitit yo a.

Ou gen kesyon? Ou bezwen èd ak aplikasyon w lan? Kontakte DHSP.

Gen èd disponib nan plizyè lang! Voye yon imèl ba nou nan askdhsp@cambridgema.gov oswa
rele nou nan **617-349-6200**.

Ki jan pou m aplike pou DHSP Afterschool Programs Lottery a?

1. Vizite platfòm Viewpoint Cloud Vil la sou entènèt

Lyen sa a p ap aktive jiska **1ye Me 2023**.

<https://cambridgema.viewpointcloud.com/categories/1131/record-types/6853>

2. Seleksyone DHSP Afterschool Programs Lottery a epi ansuit klike "Apply online"

Konekte nan kont Viewpoint ou genyen deja a oswa enskri pou yon nouvo kont.

Ou bezwen sèlman 1 kont pou kay ou — menm si w ap aplike nan lotri a pou plis pase 1 timoun.

3. Yon fwa ou fin ranpli epi soumèt li, sit la pral bay yon mesaj ki konfime soumisyon ou an.

Swiv enstriksyon ki nan aplikasyon an pou antre enfòmasyon pou timoun ou an oswa timoun ou yo. Lè w fin ranpli aplikasyon an, y ap mande w konfime enfòmasyon w yo anvan ou soumèt aplikasyon an.

Anplwaye DHSP pa kapab fè chanjman nan aplikasyon w lan depi ou fin soumèt li.

4. Yon fwa ou fin ranpli epi soumèt li, sit la pral bay yon mesaj ki konfime soumisyon ou an.

Ou pral resevwa tou yon imèl nan men "City of Cambridge, MA" ak liy sijè "Application Submitted".

Dokiman ki gen enfòmasyon konsènan si yo te bay pitit ou a yon plas oswa si yo te ajoute l nan waiting pool la pral pibliye sou kont Viewpoint ou an semèn **19 Jen 2023**.

Ki jan DHSP Afterschool Programs Lottery la Fonksyone?

Timoun ki nan yon pwogram afterschool DHSP aktyèlman kapab re-enskri nan menm sit la lè li ranpli aplikasyon an. Timoun k ap re-enskri pral gen garanti yon plas nan sit sa a si li pa dwe okenn lajan.

Si timoun nan enskri nan yon pwogram afterschool DHSP aktyèlman epi li ta renmen enskri nan yon lòt sit, li pap jwenn yon plas preferans epi yo pral re-antre l nan lottery a.

Y ap bay tout aplikasyon yo resevwa alè yo yon nimewo lottery owaza. Frè ak sè yo gwoupe ansanm epi yo pataje menm nimewo lottery. Apre sa, yo divize aplikasyon yo an 2 gwoup, "**kandida ki gen priyorite yo**" (ki soti nan kay ki gen yon revni 65% oswa mwens nan HUD AML) ak kandida jeneral yo. **30% plas yo nan chak pwogram afterschool rezève pou kandida ki gen priyorite yo.**

Bay DHSP Fidbak!

Ou enterese pataje fidbak sou bilten enfòmasyon sa a oswa lòt pwogram ak sèvis DHSP yo?

Patisipe nan sondaj nou an: bit.ly/DHSPfeedback.

Devlope yon Patenarya Swayan

An repons a fidbak fanmi Cambridge yo, DHSP ap travay ak swayan yo pou fòme yon nouvo patenarya kominotè ki fè fanmi yo patisipe nan pran desizyon ki afekte yo. DHSP byen konprann ke gen yon nesesite klè pou gen yon pwosesis ki santre sou swayan, ki transparan, ak ki kolabore pou bati patenarya sa a ak wòl li nan defini ekite rasyal ak jistis ekonomik nan travay DHSP.

Li tout deklarasyon an epi jwenn mizajou nan www.cambridgema.gov/CaregiverPartnership.